

# Ajan lyezon ICE : wòl ou

## • AVAN NENPÒT ENTÈVASYON: SE POU N TOUJOU PARE POU N ANREJISTRE VIDEYO POU TOUT OPERASYON ICE KA MENNEN

Asire nou genyen yon moun ki deziye pou pran e anrejistre videyo chak jou keseswa pou ou oswa pou yon lòt moun.

Anrejistre sa kap pase a nan yon distans sekirite san ou pa mele nan zafè ajan yo. Pran yon gwo plan sou imaj nap filme a ansanm evènman an:

Sa ki gen ladan l ajan ICE yo, machinn yo ak plak imatrikilasyon machinn yo



## • LÈ NOU KA LOKALIZE AJAN ICE YO: ENVITE AVÈK TAK E SOUPLÈS TOUT MOUN KAP TRAVAY YO PO YO DEPLASE ALE NAN ZÒN PRIVE YO E FÈMEN PÒT YO.

ICE otorize legalman pou l **gen aksè zòn piblik** yo sou yon lye travay (tankou sal amanje yon restoran oubyen resepsyon yon biwo).

Men ICE **pa gen dwa** antre nan **zòn prive** yo, tankou kuizinn, biwo fèmèn oubyen nenpòt lòt espas ke piblik la pa gen aksè.



## • MANDE POU W WÈ YON MANDA JIDISYÈ

## • ASIRE W SI MANDA AN A SE YON MANDA JIDISYÈ KÒRÈK PA YON FO

**Yon manda jidisyè VALAB dwe genyen TWA (3) eleman sa yo:**

Si Ajan an montre w nenpòt **lòt** kalite manda oswa si li **pa** genyen manda ditou, yo **pa gendwa antre** anndan lakay ou.

**1** Li soti vrèman nan yon **TRIBUNAL**.

**2** Li genyen non w ak adrès ekzakt ou ki kòrèk.

**3** Li siyen pa yon **JJ**.

**THIS IS NOT A JUDICIAL WARRANT. PLEASE LEAVE.**

Sa a pa yon manda jidisyè. Silvoulè kite devan pòt mwen.

## • SI MANDA SANBLE KÒRÈK:

Pran yon foto l e voye l pou yon avoka ka verifye avan nou pèmèt ajan ICE la antre. Si avoka a konfime manda an kòrèk, nou ka otorize yo pou yo antre.



**PLEASE WAIT UNTIL OUR LAWYER CONFIRMS THE WARRANT.**

Se pou n tann konfimasyon avoka a avan nou pran nenpòt desizyon.

**GADE DÈYÈ DOKIMAN AN**

# SI ICE antre nan yon zòn prive san manda:



- **SI YO FÒSE ANTRE**  
nap repete byen fò ke nou pa t bay yo otorizasyon pou yo antre san konsantman nou.
- **KONTINYE FILME TOUT SA KAP PASE A**
- **KONTAKTE TOUSUIT YON AVOKA KI ESPESYALIZE NAN KESYON IMIGRASYON**
- **FÈ MÈT TRAVAY LA KONNEN SITIYASYON AN**

## Si yo ta arete w



PA REPONN  
OKENN KESYON



PA MONTRE WAP  
FÈ REZISTANS



PA SIYEN OKENN  
DOKIMAN

- **MANDE YOUN NAN YO OU SANTI W KA PALE AVÈ L**
- **RAPLE AJAN YO DWA AK LIMIT YO**
- **RELE YON AVOKA ESPESYALIZE NAN DOMÈN IMIGRASYON**
- **METE MÈT TRAVAY LA OKOURAN**

## Gid pou filme yon fason pi efikas

- **FILME NAN YON DISTANS SEKIRITE**
- **NAN VIDEYO NAP FILME, SONJE PRAN IMAJ AJAN YO, MACHINN YO AK PLAK IMATRIKILASYON YO**
- **VOYE VIDEYO**  
sa a bay yon avoka ak òganizasyon lokal kap ede moun imigran yo.
- **PA PIBLIYE VIDEYO A SOU REZO SOSYAL**



## NIMEWO IJANS SIZOKA: Lyezon ICE (kote wap travay la):

Non konplè \_\_\_\_\_

Telefòn \_\_\_\_\_

### Mèt Travay la:

Non konplè \_\_\_\_\_

Telefòn \_\_\_\_\_

NÒT : Se pou izaj jeneral sèlman dokiman sa a dwe itilize e aplike e LI PA YON GID JIRIDIK OFISYÈL. Imigran yo, fanmi yo ak manb nan kominote a dwe jwenn yon konsèy jiridik si yo bezwen konsèy oswa chèche jwenn èd yon reprezantan nan chak sityasyon oubyen sikonstans patikilye sa yo.